

Fon Inisyativ Lokal

Gen kat fon ki la pou finanse inisyativ ayisyen lalal yo nan domèn iben, riral, ekonomik ak kiltirèl



Fondasyon de Frans, nan kad pwogram li rele **Solidarite Ayiti**, ap ede inityativ lokal ayisyen nan sektè lakilti, monte biznis, devlopman riral ak iben nan mete an plas kat **Fon pou Inisyativ Lokal yo (FIL)**. Pou jwenn plis enfòmasyon : www.fondationdefrance.org.



FIL «Riral» Agwonòm ak Veterinè San Fontyè ap jere a, ap finanse pwojè ONG lokal yo oubyen asosyasyon ki nan zòn riral ke tranblemantè a te frape dirèkteman. FIL sa a ap soutni pwojè konkrè ki gen pou wè ak fòmasyon oubyen ranfòseman asosyasyon yo, konstriksyon oubyen reyabilitasyon ti enfrastrikti (tankou lopital, lekòl, irigasyon...), devlopman gadinay, aksyon pou kore òganizasyon peyizan yo nan aktivite ki konsène transfòmasyon ak devlopman komès pwodui ki ka vann nan peyi etranje, lit kont degradasyon tè yo. Kontak : FILruralhaiti@avsf.org

ENTREPRENEURS du Monde

FIL «Biznis lokal» Entreprenè di Monn ap jere a la pou kore tout jefò ayisyen k ap fèt pou mete ti aktivite ki rapòte lajan sou pye, oswa pou ede yo devlope, nan bi pou ankouraje pwodiksyon ak travay nan peyi a. Pou l sa kore pwojè w la, epi pou l sa ede w nan depans w ap bezwen fè pou mete aktivite w la sou pye, Entreprenè di Monn ap soutni w ak moso kredi, moso don, plis lap mache ansanm ak ou pou ede aktivite w la fin pran pye. Pou pwojè pa w la ka pase, gen yon seri kondisyon pou li respekte. **Kontak : biznislokaledm@gmail.com**



FIL «nan vil yo» Gret ap jere a, ap finanse pwojè ki nan vil asosyasyon k ap travay nan katye popilè yo ap prezante. Fon sa a la pou li apiye sitou reyalizasyon konkrè tankou amenaje espas piblik oubyen chimen yo, pwojè pou jwenn sèvis toupre lakay dekwa pou kore kapasite aktè lokal yo ki ap travay nan devlopman nan vil yo epitou pou ranfòsman relasyon sosyal yo ede katye yo sekwe kò yo. **Kontak : FIL-urbain@gret.org**



Apèl a pwojè 2013 Fon pou Inisyativ Lokal



FIL Kilti Ayiti / FIKA

*Pou ranfòsman
sektè kiltirèl ayisyen an*

Fondasyon Kilti Kreyasyon, enstitisyon kiltirèl ayisyen rekoni ditilite piblik, se patnè Fondasyon de Frans pou met sou pye **FIL Kilti Ayiti**. Se li ki ap jere fon yo e ki bay estrikti yo akonpayman nan demand sibvansyon yo ap fè Fil Kilti.

Kontak : filculturehaiti@gmail.com
filculturehaiti@fondationculturecreation.org
www.fondationculturecreation.org
38, ri Fosten 1^{er}, Kanape-Vè, HT6115 Pòtoprens
Tel : (+509) 2813-7124 / 2918-7878



Apèl a pwojè 2013

Ap bay yon sibvansyon a inisyativ kiltirèl k ap travay nan lojik devlopman dirab an menm tan l ap ankouraje aksyon tèt ansanm pase resous ak ekipman kiltirèl yo pa ase. Apèl la genyen de kalite pwojè : pwojè yon sèl estrikti ap prezante ; pwojè kote se plizyè estrikti k ap prezante l ansanm.

Pwojè yon sèl estrikti ap prezante

Nan pami tout pwojè sa yo, yon valè ap gen pou jwenn sibvansyon. Pwojè sila yo se yon estrikti ayisyen ki pa oblije gen eksperyans k ap prezante yo. Se pa fè lajan pwojè yo ap chèche anpremye men se pito ranfòsman kiltirèl.

Pi fò valè lajan yon pwojè kapab jwenn: 250 000 Goud

Dire tan yon pwojè pa dwe depase: 4 mwa

Domèn daksyon kiltirèl pwojè yo:

- Atizana da – kreyasyon, pwodiksyon, fòmasyon ;
- A senik – kreyasyon, pwodiksyon, fòmasyon ;
- A plastik – kreyasyon, exposition, fòmasyon ;
- Fotografi ak odyovizyèl - kreyasyon, pwodiksyon, fòmasyon ;
- Literati – kreyasyon, pwodiksyon, fòmasyon, edisyon ;
- Rechèch ak piblikasyon nan divès domèn ki gen pou wè ak la e lakilti ayisyen.

Pwojè plizyè estrikti ap prezante ansanm

Se pwojè kiltirèl k ap gen enpak dirab epi efè devlopman sou kominote kote pwojè a pral fèt la, k ap gen pou jwenn sibvansyon. Fòk se 2 osnon 3 estrikti ayisyen ak eksperyans, ki pou prezante l. Nap resevwa pwojè sila yo sèlman lan premye enstriksyon 2013 la.

Pi fò valè lajan yon pwojè kapab jwenn: 1 500 000 Goud. Kofinansman : obligatwa

Dire tan yon pwojè pa dwe depase : 8 mwa

Aksyon kiltirèl pwojè yo fè:

- Ekipman kiltirèl ;
- Espas kiltirèl – reyabilitasyon, amenajman ;
- Patrimwàn bati, kiltirèl ak natirèl – aksyon k ap ba li plis valè ;
- Atis ak ekriven an rezidans ; piblikasyon sou antoloji ;
- Fòmasyon, Rechèch ak piblikasyon nan divès domèn ki gen pou wè ak la e lakilti ayisyen.

A kiyès apèl a pwojè 2013 la adrese?

Enstitisyon ak asosyasyon kiltirèl ayisyen, regwoupman atis, atizan da, ekriven ak operatè kiltirèl, medya, univèsite ak lekòl ki gen yon pwojè kiltirèl pou prezante epi ki aktif nan youn nan twa (3) departman (Lwès, Sidès ak Nip) ki te sibi gwo dega anba tranblemandtè 2010 la.

Pou benefisyè fon an, fòk estrikti k ap fè demand nan ayisyen epi li:

- Enskri oubyen enrejistre nan yon enstans piblik (Meri, Ministè Lakilti, Ministè Afè sosyal, Ministè Komès, Ministè Ledikasyon Nasyonal) ;
- Genyen yon matrikil fiskal ;
- Pa ratache ak okenn enstitisyon-mè lòtbò dlo ki ap ba l lajan, eksepte fondasyon ayisyen rekoni ditilite piblik yo ;
- Se li menm menm ki ap egzekite pwojè li prezante a ;
- Oblije genyen yon adrès postal ak yon imèl ;
- Genyen yon kont kouran Goud nan yon bank an Ayiti ;
- Bay prèv youn oswa de lane reyalizasyon kiltirèl, si se plizyè estrikti k ap fè demand nan.

Yo ap gen mande tou bay prèv egzijans sa yo tankou kopi estiti yo, dènye reyinyon asanble asosyasyon an dènye aktivite li reyalize ak tout rapò depans li.

Dat pou nou sonje

Apèl a pwojè a kouvri 5 mwa, sòti janvyè rive me 2013. Li gen 2 peryòd enstriksyon.

Enstriksyon 1

Dat limit n ap resevwa dosye demand sibvansyon yo (DDS): 15 fevriye 2013 a midi.

Enstriksyon 2 : Sèlman pou pwojè yon sèl estrikti ap prezante

Dat limit n ap resevwa dosye demand sibvansyon yo (DDS) : 11 me 2013 a midi.

Kijan pou fè yon demand sibvansyon nan FIKA?

- Chèche gen plis enfòmasyon sou kondisyon apèl a pwojè a, w ap fè demand sou adrès imèl Fondasyon Kilti Kreyasyon ki ekri nan kaz anba paj sa a ;
- Enskri epi vin suiv yon seyans enfòmasyon sou apèl a pwojè a ;
- Monte dosye demand ou epi vin depoze l lan adrès Fondasyon Kilti Kreyasyon, anvan dat limit pou resevwa dosye yo.

Lè ou fin depoze dosye a, w ap tann kesyon enstriktè a pou reponn nan tan limit yo ba ou pou fè l.

Si ou ta bezwen plis enfòmasyon :

Fè nou yon demand sou

filculturehaiti@gmail.com / filculturehaiti@fondationculturecreation.org
osnon

Vizite nou nan #38, ri Fosten 1^{er}, Kanape-Vè, HT6115 Pòtoprens, HAITI
Tel : (+509) 28 13 71 24 / 29 18 78 78

W ap kapab telechaje fòmilè DDS la sou :
www.fondationdefrance.org / FILCULTUREHAITI
www.fondationculturecreation.org / FIL Culture Ayiti